



Pou Piblikasyon Imedya: 17/07/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PWOPOZE NOUVO RÈGLEMAN POU RANFÒSE LIT KONT MARIGWANA SENTETIK

Dwòg danjere te voye preske 2,000 Nouyòkè lopital ant 1ye avril ak 30 jen

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te mande Depatman Sante pou aplike règleman ki pi sevè pou konbat lavant kanabinoyid sentetik nan Eta New York. Konpozisyon danjere, atifisyèl sa yo te lakoz yon ogmantasyon spektakilè nan vizit lopital ak sant dapèl kontwòl pwazon. Depatman Sante te entèdi lavant ak posesyon plizyè douzèn kanabinoyid sentetik ak sèl pou benyen sou demann Gouvènè Cuomo nan mwa dout, 2012. Nouvo règleman sa yo pral elaji lis ki egziste deja sou sibstans ki entèdi pou enkli nouvo konpoze chimik ke pwodiktè dwòg yo te kòmanse fè depi 2012.

“Presipitasyon sa a nan ijans medikal se prèk pozitif ke dwòg sentetik sa yo danjere e yo se yon menas pou sante piblik,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nouvo règleman, sevè sa yo pral pèmèt nou diminye sou pwodui danjere sa yo epi stope sila yo kap chèche kontoune lalwa nan fason pou vann dwòg sa yo ansanm avèk pwoblèm ki vini avèk yo.”

Kanabinoyid sentetik komèsyalize kòm legal e li konpoze jeneralman de materyèl ki fèt avèk plant ki kouvri pa pwodui chimik ki sipoze imite THC, konpoze chimik aktif nan marigwana. Depi 2012, pwodiktè kanabinoyid sentetik yo te eseye kontoune règleman sevè New York yo nan devlope nouvo pwodui chimik ki pa idantifye spesifikman nan règleman an. Nouvo règleman ijans lan ajoute de klas konpozan nan lis sibstans ki entèdi yo, sa ki posibelman enkli plizyè santèn pwodui chimik danjere e li pral anvigè sou apwobasyon Depatman Sante Piblik Eta New York ak Konsèy Planifikasyon Sante ak apikasyon avèk Depatman Sante.

Komisyonè Sante Eta New York Dr. Howard Zucker te deklare, “Marigwana Sentetik poze yon menas pou sante ak sekirite tout Nouyòkè yo e nou pral kontinye fè tout sa nou kapab pou retire dwòg sa yo nan lari a. Twòp moun te tonbe viktim akòz marigwana sentetik. Mete ajou règleman nou yo pou pwolonje konpoze chimik ki te entèdi yo nan fason pou ranfòse lit nou kont endistri ilegal ak danjere sa a.”

Komisyonè Biwo Eta New York pou sibstans Abi ak Alkòl Arlene González-Sánchez te deklare, “Kanabinoyid sentetik ka gen efè danjere ak dirab sou sèvo a. Sentòm yo

prezante souvan tankou sikosiz ak eratik, konpòtman ki potansyèlman danjere. Sila yo kap fimen konkosyon chimik sentetik sa yo ka mete lavi yo andanje oswa lòt moun pandan yo sou enfluyans lan. Règleman pwolonje sa yo pral ede nou idantifye dwòg sa yo epi mete fen nan danje grav ke yo reprezante pou Nouyòkè yo.”

Pandan dènye mwa ki sot pase yo, lopital ak sant pwazon te obsève yon ogmantasyon radikal nan aktivite yo akòz medikaman sa yo. Kòmanse nan dat 1ye avril jiska 30 jen, Eta New York te obsève plis pase 1900 vizit nan depatman ijans ak plis pase 680 apèl nan sant kontwòl pwazon akòz rapò efè negatif sou sante ki asosye avèk itilizasyon kanabinoyid sentetik. Sa a reprezante yon ogmantasyon plis pase dis fwa sou menm peryòd tan an 2014. Nasyonanman, te genyen 15 ka lanmò ki te gen rapò a kanabinoyid sentetik ke yo te rapòte nan sant kontwòl pwazon pandan janvyè jiska me 2015. Yo poko anrejistre lanmò nan Eta New York.

Anplis de règleman ajou sa yo, DOH ak OASAS te kontinye bay konsèy sou sante a lopital, depatman dijans, ICU, sant swen ijan, klinik sante kominotè, direktè medikal, direktè enfimyè, ak founisè swen prensipal yo nan fason pou kenbe yo ajou sou menas sante piblik sa kap grandi, ansanm avèk pou bay enfòmasyon ak resous ke yo ka itilize lè yap fè fas avèk pasyan yo.

Dwòg danjere sa yo komèsyalize kòm lansan, melanj a baz plant, oswa popouri nan fason pou maske vrè objektif yo. Non lari pou sibstans sa yo gen ladan: Spice, K2, Green Giant, Smacked, Wicked X, AK-47, Geeked Up, Ninja, Caution, Red Giant, ak Keisha Kole.

Itilizatè melanj sentetik sa yo pap janm ka konnen nan ki fason dwòg la pral nwi yo, men itilizatè yo te eksperimante sentòm tankou malfonksyonman ren, lanmò, ajitasyon, angwas, kè plen, vomisman, tansyon wo, tranbleman, kriz, alisinasyon, paranoya, batman kè ki kanpe, pèdi konesans ak konpòtman vyolan. Efè sa yo kapab menm jan avèk sa yo ki nan fansiklidin, oswa PCP.

Yon pwopriyete yon etablisman ansanm avèk nenpòt lòt moun ki posede, distribye, vann oswa ofri lavant dwòg sentetik ki entèdi, an vyolasyon règleman yo ap sijè a penalite kriminel enkli yon amann jiska \$500 ak/oswa jiska 15 jou nan prizon. Nouvo penalite sivil yo pral enkli yon amand ki ka rive \$2.000 pou chak vyolasyon. Depatman Sante a ap kontinye kolabore avèk lapolis Eta New York ansanm avèk lòt ajans yo kap fè respekte lalwa pou diminye sou itilizasyon dwòg sentetik sa yo jan yap evolye.

Règleman ki pwopoze yo disponib nan tout entegralite yo [la](#).

Si ou okouran sou kote yo fè pwodui sa yo, vann, oswa distribye, tanpri rele Liy Dirèk Dwòg Sentetik nan 1-888-99-SALTS (1-888-997-2587). Wap jwenn enfòmasyon adisyonèl sou kanabinoyid sentetik disponib [LA](#).

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa ki gen fanmi ki gen difikilte, ka rele oswa voye tèks nan liy gratis Eta, 24-èdtan, 7-jou pa semèn HOPEline, 1-877-8-

HOPENY (1-877-846-7369). HOPEline gen anplwaye klinisyen ki fòme epi pare pou reponn kesyon ansanm avèk ofri referans tretman. Resous adisyonèl yo disponib atravè sitwèb NYS OASAS [la](#). Wap jwenn yon lis founisè ki bay tretman nan Eta New York disponib[la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418